



Pou Piblikasyon Imedya: 05/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 30 MILYON DOLA NAN OPÒTINITE PWOTEKSYON TÈREN AGRIKÒL YO POU FÈM PWODWI LETYE NEW YORK YO

Yo Pral Bay Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl Eta yo pou Pwojè Sèvitid Konsèvasyon yo sou Fèm Pwodwi Letye yo

Finansman an Pral Pèmèt Fèm Pwodwi Letye yo Divèsifye oswa Fè Tranzisyon Operasyon yo nan Pwochè Jenerasyon an, epi Asire Ke Yo Kontinye Itilize Tèren yo pou Objektif Agrikòl yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gen 30 milyon dola ki disponib atravè eta a pou sipòte pwojè sèvitid konsèvasyon yo sou fèm pwodwi letye yo. Fèm pwodwi letye New York yo t'ap fè fas a pri lèt ki ba ki pwolonje yo, ogmante menas konvèsyon tèren agrikòl ki vyab yo an devlopman ki pa agrikòl. Finansman atravè Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la (Farmland Protection Implementation Grants Program) nan Eta a pral asire ke fèm pwodwi letye yo gen opòtinite pou divèsifye operasyon oswa tranzisyon yo nan pwochè jenerasyon an nan yon depans ki pi abòdab pandan ke n'ap asire ke tèren an rete a jamè itilize pou objektif agrikòl yo.

“Endistri pwodwi letye New York yo enpòtan anpil pou ekonomi lokal yo atravè eta a epi nou dwe asire ke fèm pwodwi letye nou yo gen resous ke yo bezwen pou pwospere nan mitan defi espas mache aktyèl lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral ede pwoteje fèm pwodwi letye yo lè y'ap bay yo opsyon adisyonèl pou ka modènize operasyon yo epi kenbe yo ap fonksyone epi pwospè pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Fèm pwodwi letye yo se yon konpozan ki enpòtan anpil nan ekonomi agrikòl Rejyon Nò nou an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou konprann difikilte ke anpil fèm pwodwi letye ap fè fas a yo nan kominote atravè Rejyon Nò New York yo. Lè nou investè fon leta yo pou sipòte pwoteksyon tèren agrikòl yo, nou ap poze travay fondasyon pou plis travay ak establi ki ogmante pou fèm familyal yo. Anons jodi a se jis dènye nan efò nou ap fè yo pou pwomouvwa pwodwi fèm klas mondyal New York yo.”

Asire ke baz tèren agrikòl vyab nan yon fèm pwodwi letye ki ap fonksyone li pwoteje kont konvèsyon an itilizasyon ki pa agrikòl yo sa esansyèl pou vyabilite ak dirabilite

alontèm endistri agrikòl New York lan. Pi gwo sektè nan endistri agrikòl lan, endistri pwodwi letye New York lan se yon konpozan ki enpòtan anpil nan ekonomi Eta a, ki kontabilize pou prèske mwatye nan pwodiksyon nan fèm li yo, sipòte sèvis yo ak pwodwi ki ajoute valè yo. Eta New York se lakay anviwon 4,500 fèm pwodwi letye ki gen 620,000 manman bèf, ki ap pwodwi 14.9 milya liv lèt. New York klase twazyèm nan pwodiksyon lèt epi li se premye nan nasyon an nan pwodiksyon lòt pwodwi letye yo tankou yogurt ak fwomaj blan.

Eta a ap lanse yon Apèl pou Aplikasyon yo (Request for Applications, RFA) pou sibvansyon pou pwoteksyon tèren agrikòl yo ki jiska 2 milyon dola nan men antite ki kalifye yo, tankou konfyans fonsyè yo, minisipalite yo, konsèy pwoteksyon agrikòl ak tèren agrikòl nan konte yo, ak Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo nan Eta yo (State Soil and Water Conservation Districts). Pa gen dat limit pou aplikasyon yo.

Yo pral bay pwojè sèvitid konvèsasyon yo bay fèm pwodwi letye ki kalifye yo ki ap:

- Fè tranzisyon nan pwochèn patenarya yon pwodwi letye ki ap kontinye, men ki gen operasyon li yo ki te modifiye pou asire pi gwo dirabilite finansye;
- Kontinye ak pwodwi letye, men divèsifye operasyon fèm global lan; oswa
- Konvèti nan yon operasyon ki pa pou fèm pwodwi letye yo.

Yo dwe soumèt tout pwopozisyon pwojè pwoteksyon tèren agrikòl yo sou entènèt atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la (New York State Grants Gateway). Pou plis enfòmasyon konsènan Pòtay Sibvansyon an, tanpri vizite <https://grantsgateway.ny.gov>. Ou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl ak RFA a sou sit entènèt Depatman an nan <https://www.agriculture.ny.gov/RFPS.html>.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Fèm pwodwi letye New York yo ap fè fas a presyon ekonomik ki ap ogmante pandan ke pri lèt yo rete nan nivo ba istorik yo. Pandan ke yo etabli pri yo nan nivo federal, Eta a ap travay sou divès inisyativ pou ede fèm pwodwi letye nou yo, ki gen ladan nouvel efò komèsyalizasyon yo, pwomosyon ki ogmante, ak investisman nan etablisman pwodwi letye yo pou ogmante kapasite transfòmasyon alantou Eta a. Pwogram Pwoteksyon Tèren Agrikòl lan pou pwodwi letye yo pral bay opsyon adisyonèl pou fèmye pwodwi letye nou yo ka sekirize avni fèm yo ak pwochèn jenerasyon an oswa ajoute yon sòm lajan adisyonèl nan plan biznis yo, tout sa pandan ke n’ap pwoteje tèren agrikòl ki presye epi ki an danje yo kont devlopman ki pa agrikòl yo”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare, “Prezève tèren agrikòl yo sa esansyèl pou asire ke fèmye pwodwi letye ki ap travay di nou yo kapab sipase defi ke yo ap fè fas a yo, epi kontinye ede bay pwodwi fre ki soti nan fèm yo ke moun New York yo mande. Mwen te kontan pou mwen goumen pou finansman sa, epi mwen enpasyon wè jan ke li pral ede pwoteje tèren agrikòl yo, sipòte fèmye pwodwi letye yo epi asire reyisit endistri ki ap mennen nan New York lan pou anpil ane ki gen pou vini”.

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te di, “Pliske fèmye aktyèl ki ap travay di yo ap fè fas a defi ki ap kontinye nan endistri an, nou gen yon obligasyon pou nou pwoteje tèren agrikòl yo nan eta a nan

prezève li pou itilizasyon agrikòl. Pwogram Pwoteksyon Tèren Agrikòl lan se yon resous ke yo ka konte sou li pou prezève epi pwoteje vitalite yo ak kay yo”.

David Haight, ki se Direktè American Farmland Trust Eta New York lan, te deklare, “Fèm pwodwi letye yo se fondasyon ekonomi agrikòl New York lan, men pri lèt ki kontinye rete ba yo te lakoz anpil domaj sou fèm pwodwi letye yo nan eta nou an. Nou aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li kontinye investi nan avni agrikilti New York lan nan ede fèm pwodwi letye yo pwoteje tèren yo an pèmanans. Lajan sa yo pral ede fanmi fèm pwodwi letye yo fè investisman ke yo bezwen anpil yo nan vyabilite finansye alontèm, pandan ke y’ap asire tou yon avni ki pi djanm pou agrikilti nan New York pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare, “Biwo Fèm New York lan apresye investisman pèmanan nan prezèvasyon tèren agrikòl yo, ki ta pral ouvri pòt pou opsyon ki diferan pou fèm pwodwi letye yo ki toujou ap fè fas a pri lèt ki ba yo. Pwojè yo pral non sèlman sipòte investisman sou fèm yo ak divèsifikasyon potansyèl, men tou bay fèm pwodwi letye yo kèk fleksibilite pou jere resous yo nan moman difisil sa”.

Doktè Tom Overton, Direktè Pwogram CALS PRO-DAIRY Cornell lan, te deklare, “Sipò pèmanan ke Eta New York te bay fèm pwodwi letye nou yo li enpòtan anpil nan moman sa. Gwo sipò Gouvènè Cuomo ansanm ak Komisè Ball pou pwogram sa ap konplèman efò tankou Pwogram Akselerasyon Pwodwi Letye a (Dairy Acceleration Program) ki ap pwomouvwa vyabilite alontèm fèm Eta New York nou yo”.

Tom Cosgrove, ki se Vis Prezidan Siperyè Farm Credit East, te deklare, “Fèm pwodwi letye yo ak endistri pwodwi letye a yo se kontribitè enpòtan nan ekonomi New York lan. New York te yon lidè nan pwoteksyon tèren agrikòl la epi Farm Credit East ap rete tann pou travay ansanm ak Depatman Agrikilti ak Mache yo ak fèm pwodwi letye yo ki ap chèche amelyore epi fè tranzisyon biznis yo”.

Pwogram Pwoteksyon Tèren Agrikòl la pou pwodwi letye yo ap ajoute sou efò prezèvasyon tèren Eta New York ki ap kontinye yo. An Me, Eta a te anonse prèske 38 milyon dola ki disponib atravè pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la pou ede fèm pwodwi letye yo pwoteje tèren agrikòl presye ak sa ki an danje yo. Delè pou soumèt aplikasyon yo se 31 Out 2018, epi Apèl Of yo (Request for Proposals, RFP) disponib sou www.agriculture.ny.gov/RFPS.html.

Nan kòmansman ane sa a, Depatman an te anonse 5.5 milyon dola ki disponib tou atravè de nouvel opòtinite sibvansyon, ke yo te anonse an premye nan diskou Eta Leta 2017 Gouvènè a, pou ede kenbe tèren agrikòl yo nan pwodiksyon agrikòl yo. Finansman an pral ede peye pou depans ki asosye ak obstansyon ak jesyon Pwojè Opsyon Akò a (Option Agreement Project). Li pral ede agrikiltè yo idantifye tèren ki disponib atravè devlopman envantè pou tèren lokal yo tou, enfòmè pwopriyetè tèren yo sou pwogram ak opòtinite ki disponib pou yo pwoteje pwopriyete yo kont transfòmasyon a itilizasyon non-agrikòl yo, ak agrandi efò sansibilizasyon pou pi byen konekte pwopriyetè tèren ki vle yo ak agrikiltè ki entèrese yo nan pwosesis lwaye oswa acha pwopriyete yo pou pwodiksyon agrikòl. Depi lè Gouvènè a pran pouvwa an 2011

lan, eta a te envesti plis pase 62 milyon dola nan 82 pwojè pwoteksyon pou tèren agrikòl la yo toupatou atravè eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)